



Kimoun ki ka Kalifye pou Kredi Timoun Empire State (Empire State Child Credit)

Ou gen dwa pou reklame kredi sa a si:

- Ou se yon rezidan a tan konpl Eta New Ork oswa ou marye ak yon rezidan a tan konplè,
ou gen yon timoun ki kalifye*, epi
ou satisfè youn (1) nan kondisyon sa yo:
ou te reklame kredi taks pou timoun federal oswa yon kredi taks pou timoun federal an plis sou Fòm 1040 oswa Fòm 1040A federal, oswa
ou pa te reklame okenn kredi taks pou timoun federal epi revni brit federal ajiste ou se:

Table with 2 columns: Ak ki estati ou deklare taks ou, Revni brit federal ajiste. Rows include: Marye epi ap deklare ansanm (\$110,000 oswa mwens), Selibatè, moun ki antèt kay la, oswa yon vèf (v) ki kalifye (\$75,000 oswa mwens), Marye epi ap deklare apa (\$55,000 oswa mwens).

*Yon timoun ki kalifye dwe gen omwen kat (4) lane nan dat 31 desanm ane fiskal la epi li dwe kalfye pou kredi taks pou timoun federal la.

Nouvo pou 2018

Kòmmanse ak ane fiskal 2018 la, ou p ap ka itilize montan kredi taks pou timoun federal ou a oswa kredi taks pou timoun federal anplis pou kalfike kreid taks Empire State ou a. Lwa Fiskal la te chanje pou baze kalifikasyon pou kredi taks Empire State la ak montan kredi sou kredi taks pou timoun federal la jan li te egziste avan Lwa Rediksyon Taks ak Travay federal la (Lwa Piblik 115-97). Se poutèt sa, ou pral itilize motnan kredi federal la ak nivo revni ki te anvigè pou ane fiskal 2017 la pou kalkile kredi taks Empire State ou a.

Konbyen kredi a ye?

Si ou te reklame kredi taks pou timoun federal la, montan kredi taks pou timoun Empire State la se sa ki pi gwo nan:

- 33% pòsyon nan kredi taks pou timoun federal la ak kredi taks pou timoun anplis ka (kalkile tankou li te egziste anvan yo te pase Lwa Piblik 115-97) yo ka atribye pou timoun ki kalifye, oswa
\$100 miltipliye pa kantite timoun ki kalifye yo.

Si ou pa te reklame kredi nan taks pou timoun federal la men ou satisfè tout lòt kondisyon pou kalifye ki endike anwo a, montan kredi pou timoun Empire State la ap:

- \$100 miltipliye pa kantite timoun ki kalifye yo.



Nimewo idantifikasyon

Pou w ka kalifye pou kredi pou timoun Empire State la, ou dwe bay yon nimewo sekirite sosyal (SSN) oswa yon nimewo idantifikasyon kontribyab endividyèl (ITIN) ki valid pou chak timoun ki nan reklamasyon ou a. Si yo te bay pitit ou a SSN oswa ITIN li a apre dat deklasyon an, ou ka reklame sèlman \$100 pou chak timoun ki kalifye.

Pou w ka aplike pou kredi sa a, oswa pou jwenn plis enfòmasyon, gade *Fòm IT-213, Claim for Empire State Child Credit (Reklamasyon pou Kredi pou Timoun Empire State)*, akenstriksyon li yo (sèlman nan lang angle).

Nòt: Si kredi sa a plis pase kantite taks ou dwe a, y ap remèt ou balans la si ou se yon rezidan a tan konplè.